## NÒT SOU LIS VERIFIKASYON ENSKRIPSYON NOUVO ELÈV AK SA K AP RETOUNEN YO

***: Tout elèv klas 5yèm ane ki nan Lekòl Piblik Providence yo pral patisipe nan pwosesis chwa lekòl la epi resevwa fòmilè pèsonalize sou chwa lekòl yo. Yo dwe remèt fòmilè sa yo nan lekòl timoun nan ye kounye a.***

### POU ANREJISTRE NOUVO ELÈV SÈLMAN:

**Vizite www.providenceschools.org/registration.**

Klike "enskri isit la a". Yo dwe eskane epi telechaje tout kondisyon yo nan aplikasyon an. Yo p ap trete enskripsyon ki soumèt san kondisyon yo. Yon manm ekip ap fè swivi ak yon apèl telefòn pou trete enskripsyon an.

***Èske w deja gen yon elèv ki ale nan Providence Public Schools?***

Si w gen yon pòtal paran Skyward, tanpri konekte ak non itilizatè w ak modpas ou a epi sèvi ak opsyon Enskripsyon Nouvo Elèv Anliy la pou w soumèt yon enskripsyon.

**Enpòtan:** Lè w enskri, y ap mande w pou w telechaje kopi kèk dokiman kle. Tanpri eskane oswa pran yon foto dokiman sa yo ak telefòn ou epi telechaje yo sou pòtal la.

Dokiman sa yo pral nesesè pou pwosesis enskripsyon an:

- **Dokiman pou verifikasyon laj elèv la**:
  Batistè, paspò, kat rezidans OSWA I-94
- **Foto idantifikasyon paran/responsab legal**
- **Dosye Vaksinasyon yo**
- **Fòm Egzamen Fizik**
- **Prèv rezidans Providence**:
  Bay youn nan bagay sa yo: Bòdwo sèvis piblik (pa yon bòdwo telefòn selilè oswa entènèt), souch peman, kontra lwaye, deklarasyon labank-tout dwe gen mwens pase 60 jou apre enskripsyon an
- **Dosye lekòl yo**: Kanè ki pi resan (Klas K-8) oswa relve nòt ofisyèl lekòl segondè (Klas 9-12)
- **Elèv ki resevwa sèvis edikasyon espesyal yo**:
  Tout dokiman Edikasyon Espesyal aktyèl yo
- **Tès Depistaj Tibèkiloz**:
  Elèv ki te vwayaje andeyò peyi Etazini pou plis pase 90 jou oswa ki te fèt andeyò peyi Etazini oblije montre prèv tès depistaj tibèkiloz.

***Tanpri sonje kèk elèv ka bezwen fè tès pou konplete pwosesis enskripsyon an.*

### CHWA LEKÒL ELEMANTÈ

Fanmi elèv ki nan senkyèm ane kounye a genyen posiblite pou fè konnen kat preferans prensipal yo pou plasman nan lekòl elemantè nan otòn pwochen.

Distri a itilize yon sistèm tiraj pou atribye plas pou chak lekòl. Pou patisipe nan tiraj fanmi yo ap bezwen soumèt chwa yo nan mwa fevriye. Fòm chwa lekòl yo distribye bay fanmi yo an janvye atravè ParentSquare epi yo anonse plasman nan tiraj nan fen mwa mas.

Y ap bay preferans plasman pou:

- Elèv senkyèm ane yo ki gen yon frè/sè ki pi gran ki enskri nan yon lekòl elemantè an patikilye pou otòn nan.
- Lekòl katye. (80% nan plas lekòl yo rezève pou elèv ki nan distans ki pa depase 1.5 mileyaj ak lakay yo)
- Si yon elèv pa genyen de lekòl nan reyon 1.5 mileyaj la, yo konsidere lekòl ki pi pre yo kòm lekòl katye.

Elèv ki soumèt chwa yo oswa enskri apre dat limit inisyal la pa kalifye pou tiraj a epi yo pral resevwa atribisyon yo apre yo fin fè plasman pou tout elèv ki nan tiraj la.

Pou jwenn plis enfòmasyon sou politik plasman elèv la oswa sou pwosesis enskripsyon an, vizite sit nou an.

Èske w gen kesyon? Kontakte Enskripsyon nan 401-456-9297 oswa registration@ppsd.org.







# LEKOL PIBLIK PROVIDENCE
# PWOFIL LEKÒL ELEMANTÈ 2024


Sant Enskripsyon Elèv

325 Ocean Street, Providence, RI, 02905

Telefòn: 456-9297 Faks: 278-0553

**www.providenceschools.org**


Providence Schools

| LEKÒL ELEMANTÈ 2024-2025 | | | Enskripsyon | Orè Klòch Lekòl | Klas yo te sèvi yo | Pwogram Akademik yo ofri | Pwogram deyò lekòl yo | Pwogram elèv yo te chwazi yo | Pwogram nan lekòl yo<br>*Tout pwogram yo soumèt pou enskripsyon ak finansman* |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| 1 | **Nathan BISHOP Middle School**<br>101 Sessions Street<br>Providence, RI 02906<br>*Lidè lekòl:* Gloria James-Jackson | (401) 456-9344<br>providenceschools.org/bishop | 718 | 7:45 a.m. - 2:30 p.m. | Klas 6yèm-8yèm ane | • Pwogram Akademik Avanse<br>• Atizay<br>• Lang Etranje: Italyen ak Espanyòl<br>• Mizik<br>• Edikasyon Fizik<br>• Òdinatè | • Pwogram aprè lekòl<br>• PASA AfterZone<br>• Kou an patikilye<br>• Dekouvri Pwogram Lajistis<br>• Kwizin<br>• Save the Bay<br>• Teyat ak Eksplorasyon atistik | • Jounal<br>• Baskètbòl pou gason ak fi<br>• Maraton nan bwa pou gason ak fi<br>• Foutbòl<br>• Klèb Echèk<br>• Klèb teyat<br>• Klèb deba<br>• Baskètbòl<br>• Volebòl | • ESL nan yon anviwònman entegral<br>• Pwogram Edikasyon Espesyal |
| 2 | **DELSESTO Middle School**<br>**STEAM ACADEMY**<br>152 Springfield Street<br>Providence, RI 02909<br>*Lidè lekòl:* Suzanne Madden | (401) 278-0557<br>providenceschools.org/delsesto | 824 | 7:45 a.m. - 2:30 p.m. | Klas 6yèm-8yèm ane | • STEAM ACADEMY<br>• Pwogram Akademik Avanse<br>• Mizik ak Atizay<br>• Klas STEAM yo: Lapèch nan lanmè, Otomatizasyon ak Robotik<br>• Konsepsyon ak modèl<br>• Medya Dijital<br>• Syans enfòmatik pou inovatè ak kreyatè | • Pwogram aprè lekòl<br>• PASA AfterZone<br>• Squash Busters<br>• Akademi jou samdi, preparasyon pou egzamen antre (klas 8yèm ane)<br>• Kou an patikilye aprè lekòl<br>• Onward We Learn<br>• Beat The Streets Wrestling<br>• RIMESA (Rezilta Rhode Island nan Matematik, Jeni, Syans) | • Foutbòl RIIL<br>• Maraton nan bwa<br>• Baskètbòl<br>• Lit lib<br>• Atletis nan sezon prentan<br>• Maraton nan bwa miks<br>• Baskètbòl miks<br>• Atletis nan sezon prentan miks<br>• Koral<br>• Bann<br>• Konsèy Etidyan | • ESL nan yon anviwònman entegral<br>• Pwogram Edikasyon Espesyal |
| 3 | **Nathanael GREENE Middle School**<br>721 Chalkstone Avenue<br>Providence, RI 02908<br>*Lidè lekòl:* W. Jackson Reilly | (401) 456-9347<br>providenceschools.org/greene | 828 | 7:45 a.m. - 2:30 p.m. | Klas 6yèm-8yèm ane | • Pwogram Akademik Avanse<br>• Atizay & Bann<br>• Syans Enfòmatik<br>• Medya Dijital<br>• Lang Etranje: Fransè, Espanyòl<br>• Mizik<br>• Edikasyon Fizik<br>• Akademi jou samdi | • Pwogram anvan ak apre lekòl<br>• Kou Matematik ak ELA an patikilye<br>• Pwogram STEM Sprouts ak Brown University<br>• Onward We Learn<br>• Konsèy Elèv ak Lidèchip Elèv yo<br>• National Junior Honor Society | • Dram<br>• Robotik<br>• Echèk<br>• Jwèt videyo: Dungeons & Dragons<br>• Espò Klèb<br>• Baskètbòl<br>• Lit lib<br>• Foutbòl<br>• Atletis<br>• Kodaj<br>• Penti ak Kouti<br>• Kwochè & Trikotaj<br>• Kwizin | • ESL nan yon anviwònman entegral<br>• Pwogram Edikasyon Espesyal |
| 4 | **WEST BROADWAY Middle School***<br>29 Bainbridge Avenue<br>Providence, RI 02909<br>*Lidè lekòl:* James M. Tennett | (401) 456-1733<br>providenceschools.org/westbroadway | 521 | 7:45 a.m. - 2:30 p.m. | Klas 5yèm-8yèm ane | • Pwogram Akademik Avanse<br>• Espanyòl<br>• Mizik<br>• Atizay<br>• Jistis Sosyal<br>• Robotik<br>• Detektif medikal<br>• Metriz finansye<br>• Redaksyon kreyatif<br>• Piblikasyon | • Pwogram aprè lekòl<br>• Kou ACCESS an patikilye<br>• Kou iReady an patikilye<br>• Robotik<br>• SeaPerch<br>• Bann<br>• Kodaj | • Beat the Streets wrestling<br>• Foutbòl pou gason/fi<br>• Baskètbòl pou gason/fi<br>• Atletis pou gason/fi<br>• Maraton nan bwa pou gason/fi | • ESL nan yon anviwònman entegral<br>• Pwogram Edikasyon Espesyal<br>* **Klas 5yèm-8yèm ane.** Tranzisyon elèv soti Asa Messer Elementary School ale nan West Broadway Middle School pou klas senkyèm ane. |
| 5 | **Roger WILLIAMS Middle School**<br>278 Thurbers Avenue<br>Providence, RI 02905<br>*Lidè lekòl:* Christina Gibbons | (401) 456-9355<br>providenceschools.org/rogerwilliams | 810 | 7:45 a.m. - 2:30 p.m. | Klas 6yèm-8yèm ane | • Pwogram Akademik Avanse<br>• Lang Etranje: Espanyòl<br>• Mizik<br>• Edikasyon Fizik<br>• Atizay pèfòmans ELD, Atizay medya<br>• Jistis kriminèl (klas 8yèm ame sèlman<br>• Bibliyotèk | • Pwogram aprè lekòl<br>• PASA AfterZone<br>• Pwogram redresman atistik<br>• Robotik | • Baskètbòl<br>• Maraton nan bwa<br>• Foutbòl<br>• Baskètbòl nan maten<br>• Klèb Lekti<br>• Konsèy Etidyan | • Pwogram doub lang, Klas 6yèm ane-8yèm ane<br>• ESL nan yon anviwònman entegral<br>• Pwogram Edikasyon Espesyal |